


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta video acara Golémpang di Bandung TV salila 5 episode. Tina éta sumber data ditangtukeun sakabéh téks anu ngarojong tur nuduhkeun kontéks wacana, aspék pragmatik jeung tindak komunikatif.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain Panalungtikan nyaéta bag-bagan prosés panalungtikan. Desain ieu panalungtikan ngawengku: 1) nangtukeun masalah, 2) ngaidentifikasi jeung ngarumuskeun masalah, 3) ngumpulkeun data, 4) nganalisis data, 5) ngadeskripsikeun data, sarta 6) nyindekkeun.



Bagan 3.1

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010, kc. 262).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode deskriptif. Istilah ‘deskriptif’ asalna tina basa Inggris ‘*to describe*’ hartina ngagambarkeun hiji kaayaan, kajadian, kagiatan, jsb (Arikunto, 2010, kc. 3). Méthode deskriptif ogé sok disebut non-ékspérimen sabab teu dilaksanakeunna kontrol jeung manipulasi variabel. Hal-hal anu didéskrripsikeun téh nyaéta kontéks wacana, aspék-aspék pragmatik, rupa-rupa tindak komunikatif sarta hasil panalungtikan pikeun alteratif bahan ajar ngaregepkeun di SMA.

### 3.4 Wangenan Operasional

Pikeun mahing ayana kasalahpahaman, ieu di handap dijéntrékeun sacara operasional istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

#### 1) Acara Golémpang

Acara Golémpang mangrupa salah sahiji acara anu aya di Bandung TV, midang unggal poé kemis jam 21.00 WIB. Acarana mangrupa dialog basa Sunda ngeunaan téma-téma anu aya patalina jeung basa katut budaya sunda. Contona, ngaruat, pasangiri sajak, sarta problematika basa Sunda.

#### 2) Bahan Pangajaran Ngaregepkeun

Bahan pangajaran ngaregepkeun nyaéta matéri anu ditepikeun ka siswa dina prosés pangajaran ngaregepkeun.

#### 3) Aspék-aspék Pragmatik

Pragmatik miboga aspék-aspék nu ngawengku: a) aspék intelektual, b) aspék émosional, c) aspék moral, d) aspék sosialisasi basa, e) aspék ngaréngsékeun hiji hal, jeung f) aspék informasi faktual.

#### 4) Tindak Komunikatif

Tindak komunikatif nyaéta omongan anu miboga udagan dina komunikasi.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan migawéna leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, hartina leuwih gemet, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari diolah. Anapon instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa kartu data.

Tabél 3.1

Format Kartu Data Analisis Kontéks Wacana dina Acara Golémpang

Kode data:	V1/1
Kontéks wacana nu dianalisis:	
Cutatan:	

Keterangan:

V1 : kode pikeun urutan video. V1 hartina video kahiji

1 : kode pikeun urutan obrolan

Tabél 3.2

Format Kartu Data Analisis Aspék-aspék Pragmatik dina Acara Golémpang

Kode data:	V2/15/3
Aspek pragmatik nu kapaluruh:	
Cutatan:	

Sarah Gilang Permatasari, 2014

*ACARA GOLÉMPANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMA (Tilikan Aspék Pragmatik jeung Tindak Komunikatif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Keterangan:

V2 : kode pikeun urutan video. V2 hartina video kadua

15 : kode pikeun urutan obrolan, hartina obrolan ka-15

Tabél 3.3

Format Kartu Data Analisis Rupa-rupa Tindak Komunikatif

Kode data:	V3/17
Tindak komunikasi nu kapaluruh:	
Cutatan:	

Keterangan:

V3 : kode pikeun urutan video. V3 hartina video kahiji

17 : kode pikeun urutan obrolan, hartina obrolan ka-17

Anapon urutan videona disusun dumasar kana jeurna sacara alfabet saperti di handap.

V1: “Basa Sunda di Masarakat jeung di Paguron Luhur”

V2: “Gotong Domba Kaparigelan Masarakat Kiarabérés”

V3: “Mapag Milangkala STIEPAR Yapari Aktripa nu ka-50 Taun”

V4: “Mapag Pasanggih Sajak PP-SS”

V5: “Ruat Bumi Tarékah Miara Karaharjaan Lembur”

### 3.6 Téhnik panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta salah sahiji usaha, kumaha cara (prosedure anu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun metode nu tangtu sangkan tujuan nu dipiharep dina panalungtikan bisa kahontal (Suyatna dina Sutrisno, 2012, kc. 40).

Sarah Gilang Permatasari, 2014

*ACARA GOLÉMPANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMA (Tilikan Aspék Pragmatik jeung Tindak Komunikatif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik panalungtikan aya dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

### **3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi sarta tala'ah pustaka. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu sumberna mangrupa dokumén atawa rékaman (Vismaya, 2011, kc.108). Ari téhnik tala'ah pustaka mah digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nala'ah tiori-tiori anu aya patalina jeung panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah. Léngkah-léngkahna:

- 1) ngumpulkeun video acara Golémpang ka Bandung TV;
- 2) nyieun transkrip tina video acara Golémpang ka Bandung TV;
- 3) macaan literatur-literatur ngeunaan kontéks wacana, aspék pragmatik jeung rupa-rupa tindak komunikatif pikeun nyangking dadasar tiori anu patali jeung panalungtikan;
- 4) nyirian data anu aya patalina jeung kontéks wacana, aspék pragmatik jeung tindak komunikatif; sarta
- 5) ngasupkeun data nu geus dicirian kana kartu data.

### **3.6.2 Téhnik Ngolah Data**

Dina ngolah data, sanggeus data kakumpul, tuluy dianalisis ngaliwatan sababaraha léngkah. Léngkah-léngkahna:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) nganalisis kontéks wacana dina acara Golémpang;
- 3) nganalisis aspék-aspék pragmatik dina acara Golémpang;
- 4) nganalisis rupa-rupa tindak komunikatif dina acara Golémpang;
- 5) nyusun conto bahan pangajaran ngaregepkeun paguneman dina rupa-rupa situasi tina acara Golempang di SMA; jeung
- 6) Nyindekkeun.